



Pou Piblikasyon Imedya: 01/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK PREZIDAN ARMSTRONG ANONSE YON
PWOLONGASYON AKOUTÈM KONTRA JE AKTYÈL LA ANT ETA NEW YORK AK
SENECA NATION INDIANS PANDAN DISKISYON YO AP KONTINYE SOU YON
NOUVO KONTRA JE 20 ANE**

Foto reyinyon ak siyati pwolongasyon jodi a disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul ak Prezidan Seneca Nation of Indians Rickey L. Armstrong, Sr. te rankontre jodi a nan Buffalo epi yo te siyen yon pwolongasyon kontra je aktyèl ant Eta New York ak Seneca Nation of Indians, k ap ekspire 9 desanm 2023. Pwolongasyon an ap rive jiska 31 mas 2024 epi l ap renouvle otomatikman sof si youn nan pati yo deside pa renouvle l oswa si yo antann yo sou yon nouvo kontra je. Kondisyon kontra a pa chanje epi tou de pati yo pral rankontre ankò nan semèn k ap vini yo pou kontinye negosyasyon sou yon kontra alontèm.

"Jodi a, mwen te retounen Buffalo pou m rankontre Prezidan Armstrong epi komemore yon pwolongasyon kontra aktyèl la pou asire Eta a ak Seneca Nation ka kontinye travay pou jwenn yon rezolisyon alontèm", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk siyati akò sa a, gen yon elan enpòtan pou negosyasyon alantou kontra a. Mwen rete angaje nan travay avèk Prezidan Armstrong ak Seneca Nation pou finalize yon akò ki jis pou tout pati yo, epi mwen espere wè plis konvèsasyon nan semèn ak mwa k ap vini yo pandan n ap kontinye rankontre".

Prezidan Seneca Nation of Indians, Rickey L. Armstrong, Sr., te deklare, "Pandan plizyè semèn ki sot pase yo, diskisyon nou yo ak Eta New York, ki gen ladan reyinyon fas-a-fas ak Gouvènè Hochul, te santre, an pati, sou pwolongasyon potansyèl kontra aktyèl nou an, sitou ekspirasyon 9 desanm nan ap vin pi pwòch. Kòm rezilta diskisyon sa yo ant gouvènman nou yo, Seneca Nation ak Eta New York te dakò ak yon pwolongasyon akoutèm nan Kontra nou an kounye a. Kòm yon bagay ki osi enpòtan, nou te dakò pou nou kontinye negosyasyon yo sou yon nouvo Kontra. Pwolongasyon akoutèm sa a pral bay gouvènman nou yo tan anlisp pou yo fini negosyasyon Kontra a epi chèche tout apwobasyon ki nesesè yo dapre Seneca Nation, Eta New York ak lwa federal. Dapre pwolongasyon an, twa pwopriyete je nou yo pral kontinye opere san entèripsyon, sa ki soulaje nenpòt enkyetid konsènan enpak potansyèl pou plizyè milye anplwaye kazino nou yo, ki te yon priyorite pou Nation. Nan diskisyon nou yo, Gouvènè Hochul te eksprime yon dezi pou redefini relasyon ant gouvènman nou yo. Pa gen zafè

ki gen plis enpòtans pou ekonomi Lwès New York ak Seneca Nation pase yon kontra ki jis. Plizyè dizèn milye moun, fanmi ak biznis atravè Lwès New York depann de yon akò ki sekirize djòb enpòtan, opòtinite biznis, ak benefis ekonomik Seneca Nation ofri ekonomi Lwès New York la. Pwolongasyon akoutèm Kontra nou an se yon etap enpòtan, men travay ki pi enpòtan an rete pou l fèt. Seneca Nation rete angaje pou l negosye onètman ak dirèkteman avèk Eta New York sou yon Kontra ki ofri yon anviwònman ekonomik ak konpetitif jis ak ekitab pou operasyon je nou yo ak anpil moun ki depann de yo".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)